



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON SEKRETÈ GOUVÈNÈ A MELISSA DEROSA NAN JOU LENDI
RANVWA RANDEVOU VAKSEN YO NAN PLIZYÈ SIT NAN TOUT REJYON SID
ETA NEW YORK POU SEKIRITE AKOZ TANPÈT IVÈ A**

Ranvwa nan sit vaksinasyon an mas Eta a enkli SUNY Stony Brook, Jones Beach, Aqueduct Racetrack, Javits Center ak Westchester County Center

Vaksinasyon kominotè nan sit tanporè yo te ranvwaye tou nan Bartow Community Center, Bronx River Addition, Latino Pastoral Action Center ak Edenwald Houses nan Bronx, ansanm ak nan Cornerstone Baptist Church ak God's Battalion of Prayer Church nan Brooklyn

"Akoz enpak san mank yo prevwa pou Nòde a, n ap repwograme randevou vaksen yo nan: SUNY Stony Brook, Jones Beach, Aqueduct Racetrack, Javits Center, ak Westchester County Center. Chak Nouyòkè ki gen randevou nan sit sa yo ki pwograme pou demen ap resevwa yon imel oswa mesaj tèks ki repwograme vaksinasyon yo a pou pi ta nan semèn sa.

Anplis, sis sit vaksinasyon tanporè ki te planifye pou demen yo nan Bronx ak Brooklyn te repwograme tou pou mèkredi 3 fevriye. Sa enkli sit nan Bartow Community Center, Bronx River Addition, Latino Pastoral Action Center ak Edenwald Houses nan Bronx, ansanm ak sit ki te planifye nan Cornerstone Baptist Church ak God's Battalion of Prayer Church nan Brooklyn. Patnè nou, SOMOS Community Care jere pwogramasyon pou sit sa yo epi l ap kontakte Moun New York sa yo ki gen randevou yo tou dirèkteman pou enfòmasyon yo de chanjman an.

Nou mande tout Nouyòkè pou kontwòl tan an epi rete lwen wout yo demen pou ekip sekouris yo ka fè travay yo nan tout sekirite."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)